# Президентимиз тәрепинен коронавирус пандемиясына байланыслы қабыл етилген пәрман ҳәм қарарлардың орынланыўын қадағалаў мәселеси додаланды

**Өзбекстан Республикасы Президентиниң басшылығында усы жыл 26-май күни болып өткен видеоселектор мәжилисинде Олий Мажлис палаталарына халық депутатлары жергиликли Кеңеслери менен биргеликте Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен коронавирус пандемиясына байланыслы қабыл етилген 6 пәрман, 11 қарардың орынланыўы бойынша жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымлары басшыларының есабатлары тыңланып барылыўын жолға қойыў белгиленген еди.**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинде Жоқарғы Кеңес ҳәм районлық (қалалық) Кеңеслериниң сессияларында додаланыўы усыныс етилип атырған мәселелерди талқылаў бойынша өткерилген мәжилисте усы ўазыйпалардың өз ўақтында ҳәм сапалы орынланыўын тәмийинлеўде Олий Мажлис Сенаты ағзалары, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм жергиликли Кеңеслердиң депутатлары белсене қатнасыўы үлкен әҳмийетке ийе екени айрықша атап өтилди.

Мәжилиске, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлис Сенаты ағзалары, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм жергиликли Кеңеслердиң депутатлары, тийисли министрликлер менен шөлкемлердиң ҳәм ҳуқық қорғаў уйымларының басшылары қатнасты.

Мәжилисти Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң комитет баслығы Д.Қурбаниязов алып барды.



Олий Мажлис Сенатының Суд-ҳуқық ҳәм коррупцияға қарсы гүресиў мәселелери комитетиниң баслығы Б.Матмуратов, сенаторлар Ш.Уснатдинов, О.Ataниязова, А.Данияров ҳәм басқалар шығып сөйлеп, Президентимиз тәрепинен коронавирус қабыл етилген пәрман ҳәм қарарлар бүгинги күнде пандемияның халықтың турмысына ҳәм экономикамызға унамсыз тәсирин жумсартыўда, халықтың бәнтлигин тәмийинлеў ҳәм дәраматларын арттырыў, исбилерменлерди ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаўда айрықша орын тутатғуынлығын атап өтти.




Мәжилисте Президентимиз тәрепинен белгиленген тапсырма ҳәм ўазыйпалардың орынланыўын ҳәм депутатлық қадағалаўды тәмийинлеў, жергиликли Кеңеслердеги сессияларда ҳәр айда кеминде бир мәрте жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымлары басшыларының есабатлары тыңланыўын жолға қойыў, ҳәр бир депутаттың орайлық ҳәм жергиликли ғалаба хабар қуралларында үгит-нәсият жумысларын алып барыў мәселелери бойынша пикир-усыныслар билдирилип, алдағы ўазыйпалар белгилеп алынды.

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң баспасөз хызмети**